


# Preparasyon pou Kolèj ak Siksè Apre Lekòl Segondè

## LIS POU PARAN AK FANMI

Ede pitit ou atenn objektif akademik li!

### FÈ yon plan pou apre lekòl segondè

- Ede pitit ou kreye yon lis twa karyè ki enterese l.
- Vini nan ekspozisyon Anyèl sou Karyè ak Kolèj nan Distri Lekòl Rejyon Palm Beach.
- Revize opsyon apre lekòl segondè yo epi ede pitit ou idantifye kritè seleksyon yo ak pri pou chak opsyon.
- Redui lis opsyon pitit ou pi enterese apre lekòl segondè jiska senk epi pran nòt sou dat limit aplikasyon an.
- Revize opsyon apre lekòl segondè yo tankou enskri nan pwogram ki ofri opòtinite pou fè estaj atravè Depatman Travay ak Depatman Edikasyon Florid.



### ANFAZ sou enpòtans pou rete konsantre

- Fè pitit ou revize relvednòt li avèk konseye adademik yon lekòl pou detèmine nenpòt kou final ki nesèsè pou gradyasyon oswa chwa karyè oswa kolèj li prefere.

### EDE pitit ou pwòpte imaj li sou entènèt

- Kreye yon adrès imèl pwofesyonèl.
- Ekzamine ak ajiste kritè entimite li nan kont rezo sosyal li.

### EKSPLORE tout fason pou peye edikasyon apre lekòl segondè

- Eksplòre èd finansye ak bousdetid, epi fè yon lis dat limit aplikasyon yo.
- Kreye yon ID pou *Federal Student Aid (FSA)* pou w kapab prè pou *FAFSFA* lè li ouvè 1<sup>ye</sup> oktòb.
- Chèche konnen ki eta finansye w ap bezwen prepare pou kapab aplike pou èd finansye federal.



Edikasyon Apre Lekòl  
Segondè Pa Koute Chè!

### ENSKRI pou w pran *ACT* oswa *SAT*

- Fè pitit ou a enskri pou pran *ACT* oswa *SAT* si li pat pran l oswa si l vle rebran l.
- Prepare pitit ou avèk antrènman gratis pou *ACT* oswa *SAT* ki disponib sou entènèt atravè *Khan Academy*.

# 12

## Preparasyon pou Kolèj ak Siksè Apre Lekòl Segondè LIS POU PARAN AK FANMI Ede pitit ou atenn objektif akademik li!

### CHÈCHE sityasyon ki kapab espesifik ak pa pitit ou a

- Enterese nan boza, militè oswa jwèt espòtif nan kolèj? Siveye dat limit ak kondisyon espesyal pou pwogram sa yo.
- San papyè legal? Tyeke elijiblite ekolaj pou rezidan nan eta a nan kolèj piblik ak inivèsite nan eta a ansanm ak èd finansye.
- Mal? Jèn gason yo dwe enskri pou *Selective Service* nan entèval 30 jou yo gen 18 an. Si yo pa enskri, yo pa p kalifye pou èd finansye pou kolèj.
- Timoun ki adopte, ki sanzabri, paran ki adolesan ak/oswa andikape? Pale avèk yon konseye, yon adilt de konfyans oswa yon reprezantan kolèj pou eksplore resous espesifik ak sèvis sipò pou pitit ou.

### EDE pitit ou prepare aplikasyon pou kolèj ak prepare pou karyè

- Fè pitit ou dokimante akonplisman l epi fè yon rezime.
- Ankouraje pitit ou ekri disètasyon pou kolèj ak bousdetid.
- Ede pitit ou redui chwa pou apre lekòl segondè epi vini nan ekspozisyon pou karyè ak kolèj.
- Konplete aplikasyon *FAFSA* a (Aplikasyon Gratis pou Èd Federal pou Elèv). Vini nan sesyon pou èd si w bezwen.
- Ede pitit ou detèmine kimoun pou l mande lèt rekòmandasyon, bay ase tan pou moun yo mande referans yo ekri lèt yo.
- Fè pitit ou enskri epi pran oswa regran SAT oswa ACT pou ogmante nòt pou l elijib pou antre nan kolèj si se nesesè.

### Ede pitit ou pou l PREPARE

- Finalize nan ki enstitisyon apre lekòl segondè pitit ou a pral aplike, fè sèten ajoute yo nan aplikasyon *FAFSA* a. Twa jiska senk se yon bon kantite.
- Fè sèten w vizite enstitisyon apre lekòl segondè pitit ou a aplike, si w pat ko fè sa.
- Chèche dat limit yo epi rasanble tout enfòmasyon ki nesesè pou aplike pou kolèj yo, bousdetid ak *FAFSA*. Kontwole aplikasyon yo pou fè suivi.
- Fè sèten ou voye relvednòt lekòl segondè pitit ou, nòt *SAT* oswa *ACT* yo, lèt rekòmandasyon ak lòt materyèl siplemantè bay kolèj yo.
- Fè pitit ou tyeke imèl li regilyèman – se prensipalman fason sa a enstitisyon yo ap kontakte aplikan apre lekòl segondè yo!

Adapte de “Oregon Goes To College”



AchievePBC.org

 Asirans Siksè ak Aksè pou Kolèj

Hosted by



United Way  
of Palm Beach County